

TATA PANGIBADAH MINGGU ADVEN 4

20 DESEMBER 2020

GEREJA KRISTEN JAWA AMBARRUKMA

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. Liturgos : Lumebet dhateng altar lan nyumet lilin utami warni pethak ingkang paling inggil, kalajengaken mbikak pangibadah.

“Syalom, Bapak, Ibu, saha Saderek ingkang kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah Minggu Adven ingkang kaping sekawan wekdal punika. Amargi kawontenan pangibadah taksih kaladosaken kanthi winates, pramila dhumateng bapak, ibu, saha lare-lare ingkang saged rawuh wonten ing greja kula aturaken sugeng rawuh, lan dhumateng bapak, ibu ingkang mboten saged rawuh amargi netepi protokol kesehatan, kula aturaken sugeng nindakaken pangibadah wonten dalemipun piyambak-piyambak lumantar peladosan ibadah live streaming GKJ Ambarrukma.

Saderengipun pangibadah kita wiwiti, kula nyuwun kawigatosan sawetawis awit badhe kula waosaken saperangan pawartos Greja ingkang wigatos wonten wekdal punika. (**Maosaken pawartos penting**).

Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos online ingkang saged kaunduh kanthi link <https://mulmed.gkjamb.org/WARTA-GEREJA> utawi QR Code ingkang dipun tayangaken wonten ing wiwitan pangibadah punika.”

“Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang kinasih, sumangga pangibadah punika kita wiwiti kanthi jumeneng, kita sesarengan ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 71 : pada 1 “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”**”

Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumleger ing gludhug ing akasa,
kula ngungun gungging kamulyanta.

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwsa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwsa.

(Lagu kawiwitan, Imam lumebet dhumateng altar, lajeng nyumet lilin adven cacah 4, kalajengaken masrahaken Alkitab dhumateng Pengkotbah).

3. Votum tuwin Salam Karaharjan

(Pasamuwan Jumeneng)

- Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :
- Sadaya : **Pitulungan kawula pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

4. Lektor : maosaken Sabda Introitus : 2 Samuel 7 : 1 - 11, 16 (Pasamuwan Lenggah)

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**

Jemaat : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. Liturgos : “Sadherrek kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, kita sadaya kedah pitados, bilih Gusti Allah sampun nunggil dhumateng kita, lan sampun numpes sadaya mengsa kita, satemah kulawarga kita saged uwal saking bebenduning gesang. Pramila sumangga kita sami memuji asmaning Pangeran Yehuwah, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 212 : pada 1 lan 3 “Aku Mbok Caritanana”**

- (1) Aku mbok caritanana bab Yesus Sang Pamarta;
pepadhanging wong sabumi, Putreng Allah Masuci.
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.
Margane tumekeng swarga, Imam Agung sampurna.
Juru Pangon kang utama, wah pangruwatmanungsa.

- (3) Aku mbok caritanana bab Yesus Sang Pamarta;
Panutaning wong percaya, Ratu Adil sanyata.
Sang Alfa lan Omega, pangreh jagad lan swarga.
Mustakaning pasamuwan, kang paring kauripan.
Hakim ing dina wekasan, kang ngasta pangadilan.

6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Wahyu 22 : 12 - 17

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Bapak, Ibu lan Para Sadherrek kagunganipun Gusti, wekdal kita sampun caket, pramila sumangga kita sami nyuraosi punapa ingkang dados dhawuhipun Gusti, supados kita mboten ndadosaken kuciwaning Gusti amargi kita duraka lan jember, ananging ndadosaken remen manahipun Gusti awit kita tansah lumampah wonten ing kaleresan lan kasucening gesang. Sumangga Bapak, Ibu lan Sadherrek kinasih, kita tumungkul sawetawis, nyuwun sih wilasanipun Gusti, supados kita dipun sucekaken, kanthi pandonga pamratobat, ingkang kita purwakani kanthi ngrepenaken kidung panelangsa **Kidung Pasamuwan Jawi 222 : pada 1 lan 3 “Dumeling Kapyarsa”**

- (1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,
supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti. Refr:
Gusti paringa manah kang suci,
kenging kange ngrumati rawuhnya Njeng Gusti.

- (3) Kasucening manah, karesikaning tyas,
dede saking labet amba, kejawi mung sihnya.

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:

“Dhuh Gusti Allah ingkang adhedampar wontening Kratoning Swarga, kepareng kawula sowan malih wonten ngarsa Paduka, kanthi kebaking momotan awit dosa lan panandhang kawula. Kawula saestu keduwung awit mboten masrahaken gesang kawula dhumateng Paduka, kula taksih asring duraka, jember, cidra, lan tansah nglampahi sedaya ingkang nerak angger-angger Paduka. Pramila dhuh Gusti sakathahing dosa kawula mugi kasucekna, satemah kawula saged lumampah wonten ing margi ingkang leres. Atur pamratobat kawula punika kawula unjukaken wonten ngarsa Paduka linambaran asma Putra Paduka Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. Pendeta : Pawartos Sih-Rahmat : Titus 2 : 11

10. Pendeta : Pangatag-atag Gesang Anyar : 1 Petrus 1 : 13 – 16

11. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, kita sampun nampi pawartos bilih Gusti Allah punika welas asih, satemah sedaya dosa kita dipun sucekaken malih lumantar pamratobat kita. Pramila sumangga sadaya tumindak kita sageta ndadosaken kita suci, awit Gusti Allah punika suci. Sumangga Bapak Ibu kula aturi jumeneng, kita sanggemi punapa ingkang dados dhawuhipun Gusti, kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 404** : pada 1 lan 4 “**Gusti Yesus Ratu Adil**”..... (*Pasamuwan kula aturi jumeneng*)

- | | |
|--|--|
| (1) Gusti Yesus Ratu Adil,
panetep panata gami
kang mengku sajagad rat.
Sagung ilat badhe nyebut,
sakathahing dhengkul sujud
mring Gustining prauamat,
mring Gustining prauamat. | (4) Mila sampun ta semados,
mbok inggih samnya pitados
mring Gusti Ratu kita.
Pinundhia trus ing batos,
de Kang Kwasa karsa dados
Juru Pamarta kita
Juru Pamarta kita. |
|--|--|

- 12. Wedharing Sabdanipun Gusti** *(Pasamuwan Lenggah)*
- a) Pendeta : maosaken **LUKAS 1 : 26 - 38**
b) Pendeta : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Maranata.**
Pasamuwan : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Mara-nata Mara-nata Mara-na - ta
c) Tema : “Ahli Waris Dhamparing Sang Prabu Dawud”
d) Tujuan : Jemaat dapat menjelaskan bahwa Tuhan Yesus adalah pemenuhan janji Tuhan kepada Daud dan bahwa Tuhan Yesus adalah benar-benar keturunan Daud secara jasmani.

13. Imam : mimpin kempaling Pisungsung

“Pasamuwan ingkang kinasih, kita sampun mirengaken pangandikanipun Gusti, lan dipun emutaken bilih Gusti Yesus saestu ahli waris Sang Prabu Dawud. Minangka raos sokur dhumateng Gusti, sumangga kita ngaturaken pisungsung awujud dana, sae punika pisungsung mingguan, wulanan, utawi mirungan. Pisungsung wekdal punika kanthong 1 lan 2 kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kagem panyengkuyung pengadaan rumah emiritus.

Atur pisungsung kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetalesing atur panuwun, sinerat ing **2 Korinta 9 : 7 - 8**, ingkang mekaten suraosipun : “**Saben wong pawewehe dikaya kang dadi rilaning atine, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kong pawewehe kanthi suka-rila. Lan Gusti Allah kuwaos ngluberake sawernaning sih-rahmat marang kowe kabeh, supaya kowe padha tansah kacukupan ing samubarang lan padha linuwihna anggonmu nglakoni sarupaning panggawe becik.**”

Kempaling pisungsung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 154** : pada 1 “**Adrenging Tyas Kula**”

Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagunganta.
Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang,
jiwa lan raga, wit kula tan darbe bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugi katampia
atur kawula, mrih gesang kawula kagema Paduka, pirantos sapala.

- 14. Pendeta : Pandonga Syukur lan Syafaat**
- 15. Liturgos :** “Pasamuwan kula aturi jumeneng lan sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli** ingkangmekaten....
- a) **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**
 - b) **Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.**
 - c) **Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.**
 - d) **Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.**
 - e) **Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.**
 - f) **Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,**
 - g) **Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.**
 - h) **Kawula pitados dhateng Roh Suci.**
 - i) **Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.**
 - j) **Punapa-dene pangapuntening dosa.**
 - k) **Tanginipun raga.**
 - l) **Sarta gesang langgeng.**
- 16. Pendeta : Paladosan Berkah**
- 17. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Pendeta Fendi Susanto. lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah sae punika, PPJ, Organis, Lektor, saha Tim Multimedia. Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika, kondur kalayan nyuraosi sabdaning Gusti lan matrapaken wonten ing gesang padintenan. Pangibadah katutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen 343 : pada 1 “Purnaning Pangabekti”**
- Pinujia nggih Allah Sang Rama wah Sang Putra lan Roh Suci
purna pangabekti aneng greja ngrasuk gesang saben ari
payo nindakna kang trusing ati sabdaning Gusti Sung gesang yekti
sinartan dening berkahing Gusti sung sih rahmat mring sesami.
- 18. Liturgos :** “Pasamuwan kinasih, pangibadah minggu punika sampun purna, sumangga kita tansah lagi kasarasan kanthi netepi protokol kesehatan wonten ing gesang padintenan. Gusti tansah mberkahи kita sadaya. Sugeng dinten Minggu.”